

Yon Prensip Lidèchip Bon jijman



“Premye moun ki pale genyen rezon jiskaske yon lòt moun vin demanti l.” Pwovèb 18:17

By John E. Schrock

Souliyen konsèp kle w jwenn nan prensip sa a.

Pibèl kalite yon lidè dwe genyen se bon jijman. Bon jijman se pa yon bagay ou aprann epi w konsève ; okontrè se yon disènman Bondye bay yon moun pou chak sityasyon toulejou. Lidèchip se vreman dirije moun lè gen pwoblèm, genbe yo konsantre sou sa yo vle epi sou rezilta final la. Sa mande bon jijman, ousinon sityasyon va tounen yon desas. Bon dirijan dwe toujou siveye jijman pèsònèl yo oswa disènman yo—paskè repitasyon yo ak lavni yo andanje. Anjeneral moun ki genyen bon jijman se moun:

1. Ki onèt ak tèt yo epi ki pa genyen entansyon kache.
2. Ki enterese plis nan sa ki jis pase nan kimoun ki gen rezon
3. Ki pa santi yo twò fyè pou yo mande lòt moun opinyon yo.

Pou nou genyen bon jijman nou dwe toudabò jije pwòp tèt nou (Matye 7:2), paske nou gen tandans jije lòt moun selon pwòp pèsèpsyon pa nou. Òdinèman nou wè nan lòt moun sa nou wè lakay pa nou. Si nou ava, nou rayi moun oswa nou mechan nou panse lòt moun yo menm jan ak nou. Konsa nou va jije yo paske « bouch nou di sa ki nan kè nou ». (Matye 12:34).

Nou kapab gen jijman jis sèlman lè nou kapab wè andedan pwoblèm la oswa andedan moun nan san enterè pèsònèl ak santiman nou pa mele. Se pa toujou konsa paske nan tout sityasyon toujou genyen pèsònalite moun ki enplike. Prèske tout pwoblèm se pwoblèm moun ki genyen emosyon, tanperaman cho, ak kèk moun ki pa pale fò. Chak moun ap cheche fè lide pa yo pase. Natirèlman pè-

sonn pa vle antò. Donk, bon jijman se triye tout fatra pandan n ap koute toulede kan yo jiskaske nou wè laverite nan yon sityasyon. Premye moun ki pale sanble genyen rezon jiskaske nou tande lòt son klòch la.—yon fwa nou santi nou konprann sityasyon an, nou dwe di sa ki dwe fèt. Nan majorite ka yo li pas saj pou bay yon sèl moun tò, men tout ekip la paske sa mande tout yon ekip pou genyen. Lè nou bay yon sèl moun tò, sa divize ekip la. Yon bon fraz nou kapab itilize se « mwen konnen se DJO ki pi antò men nou te kapab evite sa si nou tout te fè plis atansyon ». Epi padonnen e mete règ anplas pou la pwochenn fwa. Fè moun repwòch epi donnen sou erè ki pase va toufe devlopman prezan nou epi paske nou rete prizonye nan lepase, n ap sabote lavni nou. Bon jijman se pafwa leson nou pran nan erè nou fè epi ki ede nou pi pare pou lavni. Òdinèman pwoblèm kache dèyè yon ekran lafimen, si nou pa koute byen nou va fè move jijman epi akize moun ki pa antò.

Nou dwe kapab genyen bon jijman tou nan lemond biznis kote genyen anpil presyon pou fè moun achte.

Kontwole panse yon moun pou fè li wè yon sèl aspè yon bagay jiskaske li « siyen kontra a » se kapab yon bèl pèfòmans pou yon vandè selon estanda ki aksepte, men sa rele manipilasyon. Yo kapab achte nou epi vann nou ankò si nou pa genyen enspirasyon ak bon jijman sou moun, espesyalman komèsan. Bon jijman se yon valè nou bezwen toutan, chak jou. Donk, cheche enspirasyon pandan nou va koute epi reflechi 2 fwa epi jije ak kè nou. Nou pa dwe achte ousinon vann oswa pran desizyon lè nou sou tansyon, sa va fè yo rekonèt nou kòm lidè ki saj. Youn nan fraz nou t a pi renmen di se, “Fòk mwen reflechi sou sa ». Sa va bannou gras devan Bondye ak lèzòm epi yon repitasyon « lidè ki genyen bon jijman ».

Prensip sa a fè pati pwogram yon lane devlopman karaktè:

Fondasyon pou Sikse.

Panse pou medite:

Bon jijman se kapab yon don ki trèrepandi men vreman se don ki mwen devlope nan lemond.

Evalye tèt ou de 1 a 10	1	2	3	4	5	6	7	8	9	10
Poukisa w bay tèt ou nòt sa a?										
Ki avantaj ou kapab jwenn lè w ogmante nòt ou?										
Ki aksyon espesifik ou kapab fè pou verifiye avantaj prensip sa a?										
Lis verifikasyon lekti w fè toulejou sou prensip sa a.	M	T	W	T	F	S	S			

Konplete

Pa konplete